


Èske Ou Gen Kesyon pou Nou?

Si w gen kesyon sou QSI a, tanpri ale sou sit wèb APD a, kontakte ofis APD ki nan rejyon w lan oswa rele syèj sosyal ajans lan ki nan Tallahassee nan nimewo ki pi ba yo.



Northwest Region 850-487-1992

Bay, Calhoun, Escambia, Franklin, Gadsden, Gulf, Holmes, Jackson, Jefferson, Leon, Liberty, Okaloosa, Santa Rosa, Wakulla, Walton, and Washington counties

Northeast Region 904-992-2440

Alachua, Baker, Bradford, Clay, Columbia, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Hamilton, Lafayette, Levy, Madison, Nassau, Putnam, St. Johns, Suwannee, Taylor, Union, and Volusia counties

Central Region 407-245-0440

Brevard, Citrus, Hardee, Hernando, Highlands, Lake, Marion, Orange, Osceola, Polk, Seminole, and Sumter counties

Suncoast Region 1-800-615-8720

Charlotte, Collier, DeSoto, Glades, Hendry, Hillsborough, Lee, Manatee, Pasco, Pinellas, and Sarasota counties

Southeast Region 561-837-5564

Broward, Indian River, Martin, Okeechobee, Palm Beach, and St. Lucie counties

Southern Region 305-349-1478

Dade and Monroe counties




agency for persons with disabilities
State of Florida

ajans pou moun andikape
1-866-APD-CARES (1-866-273-2273)
850-488-4257
apdcare.org

QSI a ak Oumenm

Sa w bezwen konnen sou APD
Kesyonè pou Enfòmasyon sou Sitiyasyon



agency for persons with disabilities
State of Florida

Zouti Evalyasyon APD a

Kesyonè pou Enfòmasyon sou Sitiyasyon (QSI) se yon zouti evalyasyon Ajans pou Moun Andikape (APD) itilize pou rasanble enfòmasyon kle sou lavi w ak bezwen w genyen pou sèvis ak sipò yo. QSI a divize an kat (4) domèn prensipal nan lavi a:



Seksyon **Chanjman nan Lavi ak Enklizyon nan Kominote** a poze kesyon sou travay ou ak plan pou lavi w pou ane k ap vini an epi ki jan w ap adapte w ak gwo chanjman nan lavi w.

Seksyon **Estatik Fonksyonèl** la poze kesyon sou bagay ou fè chak jou yo, tankou manje, benyen, bwose dan ak abiye nan maten. Li poze kesyon tou sou vizyon w, tande w, kominikasyon w ak fason w deplase.

Seksyon **Estatik Konpòtmantal** la poze kesyon sou pwoblèm konpòtman ki ka mande èd oswa yon entèvansyon.

Seksyon **Estatik Fizik** la poze kesyon sou sante w ak pwoblèm nan kò w yo, ak tou kondisyon medikal ou ak medikaman w yo.

Repons ou bay nan kesyonè yo pral ede w fikse objektif ak planifye bagay ki enpòtan pou ou yo. Yo pral tou ede APD idantifye sipò ou bezwen yo jodi a ak pi devan.

Kijan Pwosesis lan Fonksyone

Anplwaye APD ki kalifye, fòme epi sètifye pou ranpli kesyonè a fè evalyasyon an. Li toujou fèt nan yon entèvyou fas-a-fas avèk ou epi ka genyen ladan l fanmi w oswa reprezantan legal ou ak nenpòt lòt moun ou ta renmen envite. Kòdonatè sipò w lan pa oblije la pou evalyasyon an. Anplis, entèvyou avèk moun k ap ba w swen yo, pèsonel swen sante a epi kòdonatè sipò a pral ede n asire nou pa neglije anyen. Tout enfòmasyon yon rasanble sou ou pral rete sekre epi yo pral patajè yo avèk moun k ap ba w swen yo sèlman si w bay konsantman w.

Yo revize QSI a chak ane anvan yo elabore epi kapab aktyalize plan sipò a nenpòt lè genyen yon gwo chanjman nan lavi w, tankou yon gwo chanjman nan sante w oswa sante moun k ap ba w swen an. Yo bay tout moun ki kalifye pou sèvis APD yo kesyonè QSI a.

QSI a se youn nan plizyè metòd APD itilize pou detèmine kalite sipò ou ka bezwen epi pou ede l decide sa ki enpòtan pou ou. Yo kay sèvis yo idantifye ki nan plan w lan grasa renonsyasyon Medicaid, Plan Eta Medicaid oswa lòt ajans yo, ak sous nan fanmi ak nan kominote yo.

